

Jedi 5 septanm 2019

Chè fanmi,

Byenveni nan ane lekòl 2019-20 an!

Nan lekòl leta Vil Nouyòk, se priyorite nou pou kenbe elèv ansante ak ansekirite. Nan efò n ap fè pou pwoteje timoun kont anviwònman ki gen plon, Depatman edikasyon (DOE) fè enspeksyon, teste ak repare regilèman salklas ki gen timoun ki poko gen laj sis ane nan bilding lekòl ki te bati avan 1985. Nou chèche pou wè si penti yo pa gen pwoblèm, piske penti ki fèt avèk baz plon reprezante yon risk lè li dekale, pete oswa fann. Ete sa a, nou te fè tès onivo tout vil la, epi nou kontan pou fè w konnen nou fin repare tout sa ki te bezwen repare, epi salklas sa yo prepare pou itilize yo nan premye jou lekòl la.

Ete sa a, Divizyon ekipman lekòl te enspekte tout salklas ki gen timoun ki poko gen laj 6 ane nan bilding yo te bati avan 1985. Nou tcheke tout penti ki t ap dekale oswa ki gen domaj nan salklas sa yo pou wè si yo pa gen plon, epi nou itilize pwotokòl sekirite regilye pou repare nenpòt penti ki te fèt avèk plon. Apre sa, nou fè plis tès ankò apre penti a fin estabilize pou nou asire sal yo pa gen danje pou timoun antre. Yo rele sa remedye. N ap kontinye gade salklas yo pou teste yo pandan tout ane a, epi apati kounye a, n ap agrandi travay nou pou mete ladan espas komen, tankou kafeterya ak bibliyotèk pou fè tès ak pote reparasyon (remedye).

Pou ede w rete enfòm, nou mete avèk lèt sa a kesyon moun poze souvan osijè sekirite kont plon nan lekòl DOE yo, ansanm avèk enfòmasyon sou kontak timoun avèk plon ak lyen pou resous anplis. Pou rezilta sou enspeksyon penti a, ale nan schools.nyc.gov/lead-paint-results. Pou plis enfòmasyon, ale sou schools.nyc.gov/about-us/reports/lead-based-paint oswa pale avèk direktè lekòl la.

Nou swete pou premye jou a enteresan anpil pou oumenm ak pitit ou a—epi n ap kontinye travay di pou kenbe 1.1 milyon elèv nou yo sennesof.

Avèk senserite,

Ursulina Ramirez
Administratè anchèf pou fonksyonman

Kesyon moun poze souvan konsènan sekirite kont plon Depatman edikasyon

Poukisa yo te fè tès ak reparasyon sèlman nan salklas ki gen timoun ki poko gen laj sis ane?
Travay pou egzamine kondisyon penti ak repare sèlman penti k ap dekale konsantre sou salklas ki gen timoun ki poko gen laj sis ane paske timoun piti gen plis risk—timoun ki poko gen laj twa ane gen plis chans toujou pou plon gen move efè sou yo, epi timoun ki poko gen laj sis ane gen plis risk pase timoun ki pi gran.

Poukisa yo fè tès yo sèlman nan bilding yo te bati avan 1985?

Pwotokòl repons estanda nou an kenbe timoun yo an sekirite epi li aplike pou tout salklas k ap sèvi elèv ki poko gen laj sis ane nan bilding yo te bati avan 1985. Malgre yo te entèdi penti ki te fèt avèk plon nan Vil Nouyòk nan ane 1960, nou pran prekosyon anplis epi nou tcheke nenpòt bilding yo te bati 25 ane apre entèdiksyon sa a.

Ki pwotokòl DOE pou fè tès yo? Èske sa mache avèk sa Kòd sante egzije?

Sondaj pou penti kap dekale ak reparasyon nan nenpòt ki penti ki gen baz plon yo fèt selon kondisyon ki nan Kòd Sante Vil Nouyòk.

Enjenyè enspekte tout lekòl k ap sèvi timoun ki poko gen laj sis ane yo te bati an 1985 oswa pi bonè ke jeran bilding lan rapòte, ki gen penti kap dekale nan salklas yo. Anplis, nan fen ane akademik 2018-2019 la, nou te fè yon lòt seri enspeksyon nan tout klas 3-K, Pre-K, Kindergarten, ak Sant LYFE, epi nou te teste tout penti kap dekale oswa domaje nan salklas sa yo pou wè si yo pa gen plon. Se kontraktè ki gen sètifikasyon EPA ki reponn pwoblèm tout penti k ap dekale ki gen plon.

Kòman mwen ka aprann si lekòl mwen an te afekte?

Ou ka wè rezilta lekòl endividyèl yo te teste atravè paj *Lead-Based Paint* nan sitwèb DOE a: schools.nyc.gov/lead-paint-results.

Lekòl mwen an te nan lis bilding ki afekte yo. Èske mwen sipoze enkyete?

Non. Nou repare tout penti ki te gen baz plon ki t ap dekale nan tout salklas k ap sèvi timoun ki poko gen laj sis ane, epi nou pare pou lekòl la kòmanse. Ou ka kontinye jwenn enfòmasyon ki pi ajou sou bilding ki afekte yo nan schools.nyc.gov/lead-paint-results.

Mwen pa vle pou pitit mwen an kontinye nan lekòl sa a. Èske mwen ka transfere pitit mwen an nan yon nouvo pwogram?

Yo te rezoud pwoblèm lan nan tout salklas yo avèk siksè epi bilding lan an sekirite. Kòm toujou, ou ka ale nan yon Sant Byenveni pou Fanmi pou gade opsyon lekòl ki disponib yo. Pou jwenn youn, ale nan: <https://www.schools.nyc.gov/enrollment/enrollment-help/family-welcome-centers>.

Èske nou kontakte fanmi ki gen timoun ki te nan sal klas ki afekte yo?

Wi. DOE te mande direktè lekòl yo pou yo kontakte tout fanmi elèv ki gen pi piti pase laj sis ane ki te nan salklas yo ane pase, oswa pandan premye jou ete yo. Ou ka jwenn lèt orijinal la ki te fè fanmi konnen rezilta tès yo ak pwochen etap ki disponib nan 10 lang diferan, epi ou ka jwenn aksè ladan yo sou entènèt nan: schools.nyc.gov/about-us/reports/lead-based-paint.

Kisa pou m fè si mwenn wè penti k ap dekale oswa andomaje nan lekòl pitit mwen an?

Si ou wè penti k ap dekale nan youn nan bilding lekòl nou yo, nou ta renmen ou fè nou konnen. Tanpri ranpli sondaj sou Rapòte Penti a nan schools.nyc.gov/about-us/reports/lead-based-paint epi n ap fè suivi. N ap bezwen kòd bilding lan, nimewo salklas la, ak etaj la. Ou ka jwenn kòd bilding ou an lè w klike borough lekòl ou a nan sitwèb ki pi wo a epi tape adrès oswa non lekòl la.

Pitit mwen an nan yon pwogram kominotè edikasyon debitan DOE bay kontra. Èske nou teste pwogram sa yo tou?

Depatman sante ak ijyèn mantal Vil Nouyòk (DOHMH) enspekte pwogram gadri ki nan sant kominotè yo. DOHMH egzije pou pwogram yo pa gen penti ki fèt avèk plon oswa pou yo byen repare nenpòt penti ki gen baz plon (ki se, pa penti kap dekalè, pete, oswa fann). DOHMH fè enspeksyon regilye pou tcheke si gen penti kap dekalè epi li fè enspeksyon suivi pou konfime yo te repare penti kap dekalè yo. Ale nan nyc.gov/health epi chèche “*Child Care Connect*” pou jwenn enfòmasyon sou kilè yo te fè enspeksyon pou plon nan pwogram gadri kominotè w la.

Èske m oblije enkyete konsènan plon nan dlo y ap bwè nan lekòl mwen an?

Non. Dlo Vil Nouyòk meye kalite epi li soti nan rezèvwa *upstate* ki pa gen plon. DOE teste dlo yo itilize pou bwè ak pou kuit manje nan lekòl, epi li fèmen nenpòt aparèy si tès la montre nivo plon ki wo jiskaske yo repare yo epi tès dlo a montre nivo plon an pa wo ankò. Lwa eta a mande pou DOE teste dlo a chak senk ane pou wè si li pa gen plon. Yo te teste oswa yo pral teste, reteste tout lekòl nan espas otòn 2018 rive 2020.

Kòman mwen ka asire pitit mwen an an sekirite?

Timoun ki poko gen laj twa ane gen plis chans pou yo ekspozè avèk efè plon an sou sante yo, epi timoun ki poko gen laj sis ane gen plis ris pase timoun ki pi gran. Pale sou istwa sante pitit ou a avèk doktè li pou yo wè si li apwopriye pou teste san pitit ou a pou plon. Pou jwenn tès san gratis oswa pou jwenn yon doktè, rele 311.

Enfòmasyon anplis sou kontak avèk plon

Ki efè plon gen sou sante?

Plon se yon metal ki ka fè timoun ak adilt mal lè li antre nan kò yo. Plon se yon pwazon sistèm nève (neurotoxin) byenkonni. Sa vle di li danjre patikilyèman pou devlopman sèvo ak sistèm nève timoun ki poko gen laj 6 ane. Plon ka andomaje devlopman, konpòtman ak kapasite yon jèn timoun pou aprann. Prezans plon pandan gwosès ka lakoz tibebe fèt avèk pwa ki piti epi sa ka koze reta nan devlopman timoun. Gen plizyè sous ki gen plon nan anviwònman an, epi li enpòtan pou redui tout kontak avèk plon otan posib.

Ki lòt sous kontak avèk plon ki genyen?

Plon se yon metal yo itilize pandan plizyè syèk pou plizyè rezon, ki lakoz distribisyon l an gwo kantite nan anviwònman an. Gwo sous kontak avèk plon se penti ki gen plon nan ansyen kay, ak plon ki vin fòme apre plizyè ane nan tè ak pousyè akòz itilizasyon plon nan gazolin, penti ak nan endistri. Ou ka jwenn plon tou nan yon kantite pwodui moun itilize tankou kèk tip seramik, eten, ekipman an kuiv, manje, materyèl plonbri ak pwodui kosmetik. Pafwa plon devlope nan ekipman pou dlo men dlo moun bwè ka vin yon sous posib pou kontak avèk plon si plonbri nan bilding lan gen plon. Premye sous kontak avèk plon pou pifò timoun ki gen nivo plon ki elve nan san yo se penti ki gen plon.

Kiyès ki gen risk pou kontamine avèk plon?

Timoun ki poko gen laj twa ane se yo menm ki pi frajil pou efè plon genyen sou sante. Plon reprezante tou yon risk pou devlopman fetis. Kontak avèk plon ka gen konsekans sou pwogrè ak devlopman yon timoun.

Kisa nou konnen sou pousantaj kontaminasyon plon pami timoun nan Vil Nouyòk?

Pousantaj kontaminasyon avèk plon pami timoun nan Vil Nouyòk diminye. Depi 2005, te gen yon bès prèske 90% nan kantite ak pousantaj timoun ki poko gen laj sis ane ki gen yon nivo plon oswa pi wo pase 5 mikwogram pou chak desilit (mcg / dL) nan san yo, nivo Depatman Sante Vil Nouyòk envestige.

Lòt resous

Pou plis enfòmasyon osijè pwoteksyon kont plon nan Depatman edikasyon, ale nan:

schools.nyc.gov/about-us/reports/lead-based-paint

Pou plis enfòmasyon osijè plon ak pwogram nan Depatman sante Vil Nouyòk, ale nan:

nyc.gov/site/doh/health/health-topics/lead-poisoning-prevention.page

Pou jwenn plis enfòmasyon sou prevansyon kontaminasyon avèk plon Depatman sante Eta Nouyòk, ale sou: health.ny.gov/environmental/lead/

Pou jwenn plis enfòmasyon sou tèl plon nan san ak fason pou redui risk kontak avèk plon pou pitit ou a, gade dokiman ki rele “Kisa Tèl plon ki nan san pitit ou a vle di”:

health.ny.gov/publications/2526/ (disponib nan 10 lang)